Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 1 (6688) 13 январь 2020 с. Итни Жумадул авал 1441 с. Багьа - эркенаб



БАРКИЯЛ

## 13 январь - Россиялъул печаталъул къо

**ХIурматиял «Гумбет» газеталъул хIалтIухъаби!**

РакI-ракIалъ баркула нужеда профессионалияб байрам - Россиялъул печаталъул къо.

Гьанжесеб дунял цебечIезабизе захIмат буго халкъияб информациялъул алаталги гьечIого. Прессаялъ, телевизоралдасан ва радиоялдасан передачабаз, интернеталъ щибаб къоялъ нилъее баян гьарула ахирисел харбал, лъугьа-бахъинал.

Нужехъ гIинтIамун, нужер щвалде щвараб информациялъухъ ралагьун рукIуна. Лъугьабахъунелде агъаз гьечIолъи биччангутIи, цIиябщиналде кIваркьей, ахIвал-хIал лъазабизе хIаракат бахъи - кидаго букIана журналистазул махщалил кIвар бугел рахъаллъун. РакIчIола социалиябгун экономикияб ва культурияб рахъалъ цебетIеялъул, цолъи ва разилъи букIиналъул масъалаби тIуразариялъе районалъул газеталъул журналистазул махщалилаб хIаракатчилъиялъ хадубккунги квербакъизе букIиналда. Биччанте нужеца заманги къуватги кьун гьабулеб къиматаб хIалтIи хадубккунги тIегьазе, Россиялъул журналистикаялъул лъикIал гIадатал цIунизе, авар мацIалде рокьигун бербалагьи гьабизе.

Гьарула нужее щулияб сахлъи, талихI, рохел ва творческияб хIалтIулъ бергьенлъаби!

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов**

## Прокуратураялъул хIалтIухъабазда баркула

**РакI-ракIалъ баркула районалъул прокуратураялъул хIалтIухъабазда Россиялъул Федерациялъул прокуратураялъул хIалтIухъанасул къо. Прокуратураялъул хIалтIухъабаз тIубазабулеб захIматаб, жавабияб, гIадамазул парахалъи, гьезул ихтияр цIуниялъе гьабулеб хIалтIи чара гьечIого хIажатаб буго киназего. Районалда такъсирчилъи биччангутIиялъе, законазул тIалабал цIуниялда хадуб хъаравуллъи ккveялъе нужеца кIудияб хIалтIи гьабулеб буго.**

Гьарула щулияб сахлъи, халатаб, талихIаб гIумру, хIалтIулъ хадурккунги лъикIал хIасилал, бакълъулазул гIумру законалъул нухда бачине къуват ва сабру.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

## ТIабигIияб газги жамагIаталъул газаги...

**Бакълъулазул районалъул росаби газалдалъун хьезаризе руго**

**Районалъул централда, МелъелтIа росулъ унел руго газ бачиналъул хIалтIаби. Гьединго хIадурлъи гьабулеб буго ралъдал гьумералдаса 1900 метралъ борхалъуда бугеб ЦIиликь росулъеги тIабигIияб газ биччаялде.**



2019 соналъул 30 декабралда «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялда тIобитIараб данделъиялда гьоркьор лъуна муниципалитет газалдалъун хьезабиялъул ва цогидалги кIвар бугел суалал.

Данделъи бачана районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас. «Сельсовет «Мехельтинский»» росдал поселениялъул бетIер МухIамад ГIабдунасировас баян гьабуна райцентралда тIабигIияб газ бачине гIарзаби кьуразул ва документал хIадурулел абонентазул къадар цIикIкIунеб бугин.

Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас кIудияб кIвар кьолеб буго муниципалиталъул гIумруялъул киналго рахъал церетIезариялде, жиндирго хъаравуллъиялде росун руго росаби газалдалъун хьезариялъул суалал.

**«Гумбет» РИО**

МАДАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

## Гьалбадерил рукъзал, актерал, туристал...

**2019 соналъул хIалтIул хIисабги кьуна гIадамазе хIухьбахъиги гIуцIана**

Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул залалда цIияб соналъул хIурматалда хIухьбахъиялъул вечер тIобитIана культураялъул ва туризмалъул отделалъ, маданияб централъ, централияб библиотекаялъ, искусствоялъул школалъ. Гьеб тадбир бачана районалъул культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулесул заместитель МухIамад ГIумардибировас.

Баркиялъулаб кIалъай гьабуна « Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас.

**(Ахир-кIиабилеб гьум.)**

НОМЕРАЛДА РУГО:

**Хаджимурад Магомедов: «Дагестанские ополченцы показали мужество и отстояли Родину»**



- 2 стр.

**«ХIинкъи гьечIолъиялъул дарс»**



2 гьум.

**1999 соналъул дарсал ва гIорхъабазул суал...**



-2 гьум.

**Масала, гIакъилас гIадан теларо,
Тушман вугониги, гIадада хвезе.** = Инхоса Пали-хIажи



# Гъалбадерил рукъзал, актерал, туристал...

(Байбихьи-тIоцебесеб гьум.) 2019 соналъ культураялъул ва туризмалъул отделалъ гьабураб хIалтIул хIисаб кьуна отделалъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIмановас. КIалъазе рахъана гьединго искусствоялъул школалъул нухмалъулев ГIабдурахIман Абулмуслимов, централияб библиотечнияб системаялъул нухмалъулев МахIмуд Загьиров, культураялъул централъул специалист Раисат УхIумагIалиева.

Районалъул культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIмановас хIисаб кьеялъул докладалда рехсана гьадинал хIужаби: «Районалда хIалтIулел руго Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул центр, росабалъ 25 маданиялгун хIухьбахъиялъул централ, централияб библиотечнияб система, росабалъ 18 филиалгун ва лъималазул искусствалъул школа. Гумбеталъул маданияб центр батIи-батIиял программабазда ва проектазда гIахьаллъана лъагIел халаса. Гьел гIумруялде рахъинариялда гIахьаллъана хъвадарухъабазул союз, лъайкьеялъул учреждениял, районалъул гIолилазул центр, рухIиял идараби ва цогидалги. Театралъул соналъ Дагъистаналъул культураялъул мустахIикъав хIалтIухъан Набигула АхIмадибировасе «Нур» фестивалалда Авар театралъул актер , ТIад Инхоса Муса ГIабасовасул хIакъалъуль фильмалъухъ диплом щвана.

Маданиял учреждениялъ 2019 соналъ хIадурана 30 афиша, 210 баннер ва эмблема, тIобитIун буго гIаммаб къагIидаялда 1200-ялдаса цIикIкIун тадбир.

Концерталъулабгун театралияб коллективалъе 2019 соналъ республикаялъулаб фестивалалда щвана халкъияб театр абураб цIар.

ХIисаб кьеялъул соналъ жигарчилъи борхана централияб библиотечнияб системаялъул хIалтIулъ, хасго ЦБСалъул лъималазулгун гIолилазул отделалда ва ЦIиликь бугеб филиалалда. Библиотекабазда батIи-батIиял тадбирал тIоритIула профессионалияб байрамазда, календариял къо-



язда хурхун. Азаргоялдаса цIикIкIун тадбир тIобитIун буго библиотечнияб системаялъ.

Искусствалъул школалда хIалтIулеб буго художественнияб ва кьурдул кIиго отделение. Кьурдул филиалал руго МелъелтIа, ЛъаратIа росабалъ, художественниял - МелъелтIа, Игьали, Лъанлъари росабалъ. ТIадеги лъайкьеялъ гьорлъе бачун буго 106 лъимер, гьездасан художественнияб отделениялъ 44, кьурдул отделениялъ 62. Лъабго цIияб кьурди лъуна 2019 соналъ. Районалда тIоритIулел кIвар бугел тадбиразулъ кидаго гIахьаллъула искусствалъул школалъул воспитанникал. Гьел ва цогидал бергьенлъабазулъ мустахIикъаб бутIа буго гIемер соназ гьелъие нухмалъи гьабулев ГIабдурахIман Абулмуслимовасул.

ЦеретIеял ккана туристлъиялъулаб хIалтIулъги. Туризмалъул ва халкъиял махщелазул рахъалъ Министерствоялда хъвай-хъвагIай гьабун буго ва реестралде босун буго Бакълъулазул районалъул туристлъиялъул 4 маршрут. ЧIиркъатIа рагьана районалде туристал гIемер рачIин мурадалда гъалбадерил рукъ. Культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулесул заместитель МухIамад ГIумардибировасул хIаракаталдалъун 2019 соналъ районалде вачIана республикаялъул туризмалъул 40 вакил. Районалде щвана республикаялдаса, Россиялъул батIи-батIиял букIназдаса, кватIисел пачалихъаздаса 500 турист».

Вечералда 2019 соналъ лъикI хIалтIарал культураялъул хIалтIухъабазе кьуна диплома мал ва грамотаби. Хадуб концерталъулаб программаялда жидерго махщел бихьизабуна маданияб централъул концерталъулгун театралияб коллективалъ ва искусствалъул школалъул «ГьитIинал магIарулал» кьурдул ансамблялъ.

**Къурмагъиз ХIадисова**

АНТИТЕРРОР. ПО ПРАВУ ПАМЯТИ

# Хаджимурад Магомедов: «Дагестанские ополченцы показали мужество и отстояли Родину»

**С 1 января 2020 года вступили в силу изменения в ФЗ «О ветеранах», которые приравнивают участников событий августа-сентября 1999 года к ветеранам боевых действий. Дагестанские ополченцы получат ежемесячные денежные средства и льготы по ЖКХ.**

Глава Гумбетовского района, олимпийский чемпион Хаджимурад Магомедов, комментируя нашему сетевому изданию новость о наделении ополченцев республики статусом ветеранов боевых действий, назвал данное решение торжеством исторической справедливости и данью уважения и памяти тем, кто отдал свои жизни, защищая Отчизну, мир и покой граждан.

«Дагестанские ополченцы показали мужество и отстояли Родину. Большое значение имело идеологическое противодействие проявлениям экстремизма и терроризма. Когда начались события августа-сентября 1999 года, муфтий Дагестана, шейх Ахмад Афанди надел военную форму и призвал всех дать отпор международным террористам. Республика услышала призыв духовного лидера и встала на защиту своих земель и ценностей. Гумбетовцы приняли активное участие в отражении вторже-



ния международных бандформирований. На примерах подвигов тех, кто защищал нашу Родину, мы воспитываем подрастающие поколения», – заявил Хаджимурад Магомедов.

АНТИТЕРРОР. ДУНЯЛАЛЪЕ - РЕКЪЕЛ

# «ХIинкъи гьечIолъиялъул дарс»

### ЧIиркъатIа ва ЦIиликь школазда - дандчIваял

**Россиялъул МВДялъул Гумбеталда бугеб отделалъул хIалтIухъабаз ЧIиркъатIа ва ЦIиликь гьоркьохьел школазда гIуцIана дандчIвай ва тIобитIана «ХIинкъи гьечIолъиялъул дарс» абураб темаялда гара-чIвари.**



Профилактикияб тадбиралда гIахьаллъана балугълъиялде рахинчIезда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул рахъалъ инспектор МухIамад ХIусейнов, ОГИБДДялъул нухмалъулев, милициялъул майор Расул Ахкубегов, «Гумбет район» муниципалияб районалъул АТКялъул специалист УхIумагIали Загьидов, Россиялъул МВДялъул Гумбеталда бугеб отделалъул участковиял уполномоченниял, росабазул бутIрул, рухIиял церехъаби, МелъелтIа № 45 цIа свинабиялъул идаралъул хIалтIухъаби, медицинаялъул хIалтIухъаби ва цогидалги.

Гьез гара-чIвариязда бицана такъсирчилъи гьабуни, лъимал кидаялдаса уголовнияб ва административияб жавабчилъиялде цIалел, такъсирал гьаризе бегьунгутIи, гIаракъи, тамахьо, наркотикал заралиял жал рукIин, экстремизмалдаса, терроризмалдаса рикIкIад чIезе ккей, цIаккеялдаса цIунизе цIодорлъи гьаби, цIияб соналъул хIурматалда тIоритIулел тадбиразда кьвагьулел жалаздаса инсанасе зарал кьеларедухъ пайда боси, нухазда хьвадиялъул къагIидаби цIунизе ккей гIадал ва цогидалги суалазул.

РухIиял церехъабаз гьаруна умумузул лъикIал масалазда гIолеб гIелалъе тарбия кьеялда, нилъер диналъул экстремизмалда ва терроризмалда щибго хурхен гьечIолъи бичIчIизабиялда хурхарал гара-чIвариял.

**«Гумбет» РИО**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# 1999 соналъул дарсал ва гIорхъабазул суал...

### 2019 соналъул хIасилал гьаруна «Дагъистан» РГВКялда

**«Гумбет» газеталъул бетIерав редактор ХIамзат ГIизудиновас, культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулесул заместитель МухIамад ГIумардибировас, Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул Гумбеталъул централъул нухмалъулев Набигула АхIмадибировас, гьединго халкъияб театралъул ва маданиял хIалтIухъабазул кьокъаялъ жигараб гIахьаллъи гьабуна Дагъистаналъул РГВКялъул авар мацIалда кьолеб «ГIаданги, гIамалги, заманги» телепередачаялда.**

Гьенир гIахьаллъана хъвадарухъаби, профессорал, шагIирзаби, артистал, актерал, журналистал ва цогидалги.

Телепередачаялда жидерго махщел бихьизабуна Унсоколо ва Бакълъулазул районазул халкъиял театразул



актераз, гьединго кочIохъабаз. Театралъул сон гIуцIа-къан нухда регIулаго, Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул Гумбеталъул централъул халкъияб театралъул актераз бихьизабуна Расул ХIамзатовасул «МагIарулай» спектаклялдаса эпизод.

**«Гумбет» РИО**

ГIАКIА АХIУЛЕБ БУГО

**ЦIияб Аргъваниб буго бетIергьанчи лъалареб, цIуяб, нодокаб, кIиябго ратIаялда гьитIинал хъахIал тIанкIал ругеб, борияб кьералъул, квегIаб гIин тIогьиса битIун кьотIараб, кваранаб цебеса ссуй гIужалъул бече. Гьелъул бетIергьанчи кIалъазе бегьула телефоналдасан гьаб номералде: 89285468995.**

ЛЪАГIАЛИЛ ХIАСИЛАЛ

# Школал, паркал, мажгитал, нухал...

**2019 соналда Бакълъулазул районалда ккарал кIвар бугел лъугьа-бахъинал**

Бакълъулазул районалда гьоркьоб лъуна, республикаялда гIумруялъул даража борхизабизе гIуцIараб программалъун кколеб, Владимир Васильевасул ХитIаб.

***

Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул залалда тIобитIана «Гумбет» газеталъул ва «Аварпресса.ру» порталалъул бетIерав редактор, Россиялъул хъвадарухъабазул Союзалъул член ХIамзат ГIизудиновасул асараздасан гIуцIараб авар мацIалъул къо.

***

Районалъул администрациялъул данделъабазул залалда тIобитIана рухIиябгун лъайкьеялъул «Ас-салам» газеталъул къо.

***

Апрель моцIалъ «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов хIалтIулаб сапаралъ ана Дербент шагьаралде ва дандчIвана гьеб шагьаралъул бетIер Хизри Абакаровгун, рорхана цадахъ рекъон хIалтIиялъул ва цогидалги кIвар бугел суалал.

***

НТВялъул журналистал гIахьаллъараб пресс-тур тIобитIана районалда. Федералияб телеканалалъул передачаби хIадурулезул къокъа хIалтIана Килалъ росулъ. Пресс-тур гIуцIана «Гумбет» газеталъ.

***

Москваялъул сахлъи цIуниялъул Департаменталъул З.А. Башляевалъул цIаралда бугеб лъималазул клиническияб больницаялъул бетIерав тохтур, медицинаялъул гIелмабазул доктор, профессор, МелъелтIа росулъа ИсмагIил ГIусмановасе щвана «Россиялъул Федерациялъул мустахIикъав тохтур» абураб цIар.

***

22 июналда Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов гIахьаллъана ГIиса аварагасул (гI.с.) цIар кьураб рухIияб центр ва МухIамад аварагасул (с.т.гI.в.) мажгит баялъул хIалтIабазда.

***

Гумбеталде гьоболлъухъ рачIана «Россия-24», НТВ, Россия ГТККялъул журналистал. «Дагъистан» РГВКялъул журналистазул къокъаялъулгун «Гумбет» газеталъ гIуцIана пресс-тур.

***

Ингишо росулъа 5 сон барай Фатима ГъазихIмаева гIахьаллъана Москваялда телевещаниялъул тIоцебесеб каналалда бихьизабулеб « Киназдасаго лъикIал» абураб лъималазул телешоуялда.

***

Бакълъулазул районалде рачIана Югалъул Кореялдаса туристал

***

Щабдухъ росулъ сахаватчи ХIамид МухIамадовас лъималазул байдан гьабуна, расандаби хIазе хIажалъулеб къайиги лъун.

***

Машгьурав пачалихъияв хIаракатчи, ДРялъул жанисел ишазул министрлъун хIалтIулев вукIарав отставкаялда вугев генерал -майор ТIад Инхо росулъа ГIали МухIамадовасе къуна жамгIияб шапакъат - «Дагъисталалъул миллияв бахIарчи» меседил цIва.

***

Районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов август моцIалъ МахIачхъалаялда тIобитIараб, Дагъистанада проектал гIумруяде рахъинариялъул суал гьоркьоб лъураб данделъиялда гIахьаллъана.

«СанагIатал шагьаралъулал шартIал» проекталда гьорлъе ккана Гъоркь Инхо ва ЦIияб Аргъвани росабалъ паркал гьари, «БакIалъулал нухал» программаялде гьоркьоре - МелъелтIа ва Ингишо росабалъ нухал къачIай, «100 школа» программаялда гьоркьоре- капиталияб ремонт гьабизе Килалъ, Аргъвани, Гьарадирихъ, ЛъаратIа школал.

***

2019 -абилеб театралъул соналъ Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул Гумбеталъул центральул залалда тIобитIана Дагъистаналъул халкъияв артист, Авар театралъе кьучI лъуразул цояв ТIад Инхоса Муса ГIабасов ракIалде щвеялъул къо.

***

Райцентралда тIобитIана «Дир гьасито - гIагараб Дагъистан» абураб 5 районалъул зоналияб халгьаби. Фольклорияб кьурдул номинациялда тIоцебесеб бакI щвана Гумбеталъул «ГьитIинал магIарулал» ансамблялъе.

***

Районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов кIиго нухалда дандчIвана «Дагъсельхозстрой» ГКУялъул нухмалъулев МухIамад Юсуповгун. Гьенир рорхана газ бачиналъул, «Росаби комплекснияб къагIидаялда церетIей» ва цогидалги программаби тIуразариялъул хIакъалъулъ суалал.

***

Москваялда тIобитIана Бакълъулазул форум.

Тадбир гIуцIараб букIана Гумбеталде инвестициял рачIин цIикIкIин мурадалда. Гьениб баркиялъулаб кIалъай гьабуна районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас. Форумалъул гIуцIарухъабилъун рукIана районалъул администрация, «Гумбет алъулгIолилал» ДРОО, районалъул имамазул совет ва цогидалги.

***

«Гумбет» газеталъул бетIерав редактор, Россиялъул хъвадарухъабазул Союзалъул член ХIамзат ГIизудинов гIахьаллъана Башкортостан Республикаялъул хъвадарухъабазул Союзалъ 85 сон ва «Китап» басмаханалъ 100 сон тIубаялда хурхун Уфаялда тIоритIарал тадбиразда.

***

Великобританиялдаса ва цогидалги къватIисел пачалихъаздаса сапарчагIи рачIана ЧIиркъатIе, гьел щвана ГIалибег Тахо-Годил цIар кьураб миллияб музеялъул филиалалде, ХIаби Сабуевалъул гьалбадерил рокъоре ва цогидалги бакIазде.

***

Басрияб Сивухъ ва Кунзахъ росабалъ тIоритIана росдал къоял.

***

МахIачхъалаялда тIобитIана Дагъистаналдаса хъачагъал рачахъаралдаса 20 сон тIубаялъе сайгъат гьабураб мини-футболалъул турнир. Бакълъулазул районалъул бетIер, олимпиялъул чемпион ХIажимурад МухIамадовас гьениб гIахьаллъи гьабуна муниципалитеталъул тIаса бищараб мини-футболалъул командаялъул капитан хIисабалда. Турниралда бергьана бакълъулазул команда.

***

Бакьулъ Гьарадирихъ росулъ лъим гIоларого букIин хIисабалдеги босун, Алукь абулеб бакIалдаса лъим бахъана. Гьелъие гурхIел-рахIмуялъулаб кумек гьабуна предприниматель ГIабдулсалам Шихамировас.

***

ЦIияб Аргъвани росулъе 2.5 км манзилалда лъим бачана КIудияб ганчIихъ абулеб бакIалдасан.

***

СахаватчагIаз кумек гьабун, Сагъри-ЦIияб Аргъвани шагьранух цIигьабун къачIана.

***

Сагърияб шагьранухлул рагIалда рагьана мажгитги кIал биччазе кафеги.

***

«Дир Дагъистан-дир нухал» проекталда рекъон ремонт гьабун къачIана районалъул централъул аслияб къватI, Ингишо росулъ нух.

***

2019 соналъул 14 январалда Бакълъулазул районалъул МелъелтIа Сахрат Каримовасул цIаралда бугеб аслияб школалда тIобитIана капиталияб ремонталдаса хадуб школа хIалтIизе биччаялъул тадбир. Церегосел школазул цоябльун кколеб гьеб школалъ бана 90 сон ва школалъе ремонт гьабуна «Нусго школа» проекталда рекъон.

***

Бакълъулазул районалъул школазул мугIалимазда гьоркьоб тIобитIана «Бищун лъикIав классалъул нухмалъулев» конкурс. ЧIахIияв классазул нухмалъулезда гьоркьоб тIоцебесеб бакI МелъелтIа аслияб школалъул 6 классалъул нухмалъулей Шарипат МухIамадовалъ, байбихьул классазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI ЦIияб Аргъвани гьоркьохъеб школалъул 3 классалъул нухмалъулей Кубрасат МухIамадовалъ ккуна.

***

Буйнакск шагьаралда 5-7 классазул цIалдохъабазда гьоркьоб тIобитIана республикаялъулаб хIисаб гIелмуялъул тIаса рищиялъулаб тур. Гьениб МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул 5 классалъул цIалдохъан Юсуп Шамсудиновас тIоцебесеб бакI ккуна мугIрузул ракьанлъабазул территориалияб округалъул гIахьалчагIазда гьоркьоб.

***

ЧIиркъатIа гьоркьохъеб школалъул цIалдохъаби призераллъун рахъана физикаялъул республикаялъулаб олимпиадаялда. Гьел хIадур гьаруна физикаялъул мугIалим Гьайирбег МухIамадовас.

***

МелъелтIа гьоркьохъеб школалда рагьана «Точка роста» лъайкьеялъул рукъ.

***

«ЛъагIалил учитель-2020» къецалъул муниципалияб этапалда тIоцебесеб бакI ккуна Аргъвани гьоркьохъеб школалъул мугIалим Марина Къурбановалъ.

***

«Нусго школа» проекталда рекъон капиталияб ремонт гьабуна ва рохалилаб ахIвал-хIалалда рагьана Гьарадирихъ, Килалъ, ЛъаратIа, Аргъвани школал.

***

ЦIияб Аргъвани, Гъоркь Инхо росабалъ рагьана «Дир Дагъистан-шагьаралъул санагIатал шартIал» проекталда рекъон рарал паркал.

***

МахIачхъалаялъул аслияб мажгиталда тIобитIана как ахIиялъул республикаялъулаб конкурс. Гьениб тIоцебесеб бакI ккуна МелъелтIа росулъа Шамил Батирмирзаевас. Гьениб гIахьаллъи гьабун букIана 80 чияс.

***

Июль моцIалда районалъул имамзабазул Советалъул нухмалъулевлъун тIамуна Аргъваниса МухIамад МухIамадов.

***

Гъоркьа Гьарадирихъ росулъ цIигьабун къачIараб мажгит рагьана.

***

Килалъ рагьана 780 чиясе бакI бугеб лъабтIалаяб мажгит.

***

Казань шагьаралда исламиял цIалул заведениязул студентазда гьоркьоб тIобитIараб ТIолгороссиялъул XII-абилеб олимпиадаялда «ГIараб мацI» номинациялда кIиабилеб бакI ккуна Шамил Батирмирзаевас.

**ХIадурана Къурмагъиз ХIадисовалъ**

ДОКУМЕНТЫ

# Муниципальное образование «Сельсовет «Игалинский»»

**«10» января 2020 г.. №01**

**РЕШЕНИЕ**

**О конкурсе на должность главы сельского поселения «Сельсовет «Игалинский»»**

**В соответствии со статьей 36 Федерального закона, от 6 октября 2003 года № 131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», на основании Устава МО «Сельсовет «Игалинский»» и Положения о порядке проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «Сельсовет Игалинский»», Утвержденного решением Собрания депутатов сельского поселения «сельсовет «Игалинский» от «04» сентября 2015 № 14. Собрание депутатов сельского поселения «сельсовет «Игалинский»**

**Решает:**

**Объявить конкурс по отбору кандидатур на должность главы «Сельсовет «Игалинский»» Гумбетовского района.**

**Установить дату и время проведения конкурса «03» февраль 2020 года в 1 1:00 ч.**

**Конкурс провести в администрации «Сельсовет Игалинский».»**

**Конкурс проводится в соответствии с условиями, определенными Положением о порядке проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы «Сельсовет Игалинский»».**

**Определить срок приема документов для участия в конкурсе с «10» января 2020 г по «31» января 2020 года (включительно).**

**Место приема документов - здание администрации «Сельсовет Игалинский»» (2 этаж, кабинет заместителя главы АСП ).**

**Опубликовать настоящее Решение в газете «Гумбет», разместить на официальном сайте муниципального района в сети «Интернет»**

**Председатель собрания Валигасанов М.А.**

ЛИКБЕЗ НАЛОГОПЛАТЕЛЬЩИКА

## Как воспользоваться льготой по объектам имущества, неучтенной в налоговом уведомлении

**(Продолжение. Начало в номере 53 от 16 декабря 2019 г.)**

3) помещение или сооружение, указанные в подпункте 14 пункта 1 статьи 407 НК РФ; 4) хозяйственное строение или сооружение, указанные в подпункте 15 пункта 1 статьи 407 НК РФ; 5) гараж или машино-место.

С налогового периода 2018 года лицам, имеющим трех и более несовершеннолетних детей, предоставлены дополнительные налоговые вычеты, уменьшающие размер налога на кадастровую стоимость 5 кв.м общей площади квартиры, части квартиры, комнаты и 7 кв.м общей площади жилого дома, части жилого дома в расчете на каждого несовершеннолетнего ребенка.

Дополнительные льготы могут быть установлены нормативными правовыми актами представительных органов муниципальных образований по месту нахождения налогооблагаемого имущества.

Шаг 3. Убедившись, что налогоплательщик относиться к категориям лиц, имеющим право на налоговую льготу, но льгота не учтена в налоговом уведомлении, целесообразно подать заявление по установленной форме (приказ ФНС России от 14.11.2017 № ММВ-7-21/897@) о предоставлении льготы по транспортному налогу, земельному налогу, налогу на имущество физических лиц.

Подать заявление о предоставлении налоговой льготы в налоговый орган можно любым удобным способом: через «Личный кабинет налогоплательщика»; почтовым сообщением; путем личного обращения в любую налоговую инспекцию; через уполномоченный МФЦ.

6. Что делать, если в налоговом уведомлении некорректная информация

Сведения о налогооблагаемом имуществе и его владельце (включая характеристики имущества, налоговую базу, правообладателя, период владения) в налоговые органы представляют органы, осуществляющие регистрацию (миграционный учет) физических лиц по месту жительства (месту пребывания), регистрацию актов гражданского состояния физических лиц, органы, осуществляющие государственный кадастровый учет и государственную регистрацию прав на недвижимое имущество, органы, осуществляющие регистрацию транспортных средств, органы опеки и попечительства, органы (учреждения), уполномоченные совершать нотариальные действия, и нотариусы, органы, осуществляющие выдачу и замену документов, удостоверяющих личность гражданина Российской Федерации на территории Российской Федерации.

Ответственность за достоверность, полноту и актуальность указанных сведений, используемых в целях налогообложения имущества, несут вышеперечисленные регистрирующие органы. Указанные органы представляют информацию в налоговую службу на основании имеющихся в их информационных ресурсах (реестрах, кадастрах, регистрах и т.п.) сведений.

Если, по мнению налогоплательщика, в налоговом уведомлении имеется неактуальная (некорректная) информация об объекте имущества или его владельце (в т.ч. о периоде владения объектом, налоговой базе, адресе), то для её проверки и актуализации необходимо обратиться в налоговые органы любым удобным способом:

для пользователей «Личного кабинета налогоплательщика» - через личный кабинет налогоплательщика;

для иных лиц: посредством личного обращения в любую налоговую инспекцию либо путём направления почтового сообщения, или с использованием интернет-сервиса ФНС России «Обратиться в ФНС России».

По общему правилу, налоговому органу требуется проведение проверки на предмет подтверждения наличия/отсутствия установленных законодательством оснований для перерасчета налогов и изменения налогового уведомления (направление запроса в регистрирующие органы, проверка информации о наличии налоговой льготы, определение даты начала применения актуальной налоговой базы и т.п.), обработка полученных сведений и внесение необходимых изменений в информационные ресурсы (базы данных, карточки расчетов с бюджетом и т.п.).

При наличии оснований для перерасчета налога (налогов) и формирования нового налогового уведомления налоговая инспекция не позднее 30 дней (в исключительных случаях указанный срок может быть продлен не более чем на 30 дней):

сформирует уточненное налоговое уведомление и разместит его в Личном кабинете налогоплательщика;

в случае если Вы не являетесь пользователем Личного кабинета налогоплательщика, направит Вам уточненное новое налоговое уведомление в установленном порядке;

- направит Вам ответ на обращение (разместит его в Личном кабинете налогоплательщика).

В случае возникновения вопросов обращаться в Межрайонную инспекцию Федеральной налоговой службы №12 по Республике Дагестан по адресу: Ботлихский район с. Ботлих, ул. Имама Шамиля 77.

**А. Абдулаев,**
**заместитель начальника межрайонной инспекции ФНС №12 по РД, советник государственной гражданской службы РФ 2 класса**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

## Игьали участковияб больницаялдаса репортаж

**Игьелдерил церегосел гІадамазул баяназда рекъон, гьанже Игьали росу бугеб бакІалъ рохь букІун буго. Цо нухалда гьенире рачІун руго чанахъаби. Гьел хІайранлъун руго гьенир ратарал гІалхул хІайваназул гІемерлъиялъ, бакІалъул берцинлъиялъ ва кидаго гІумру гьабизе гьенирго чІун руго.**

Чанахъабазул мацІ релълъараб букІун буго магІарул мацІалда. Амма гьезул рахьдал мацІалда букІун гьечІо ТІ-хІарп. Абулеб букІун буго тІил, тІох, тІино, тІагъур рагІабазул бакІалда ил, ох, ино, агъур. ТІегьалеб абураб рагІиялъул бакІалда абулеб букІун буго игьалиб. Гьедин бачІараб буго Игьалиб – абураб цІар росуялдеги.

Игьали росдал ракьалъул гІатІилъиги берцинлъиги цІакъ лъикІ бихьула гьанже участковияб больница бугеб бакІалдасан. ЦІакъ лъикІ тІаса бищун буго больница бараб бакІ. Гьенисан цебе лъун бихьула тІолабго росу.

Баккудаса къаде нахъелъизегІан букІуна бакъ. Игьали росдал гІадамаз бицуна больница бараб бакІ тІаса бищанин 23 соналъ росдал бегавуллъун вукІарав СайгидгІали Бибулатовас. Гьеб бан буго Мичуринил цІаралда бугеб колхозалъ. Гьеб кин барабали, гьенибе гамачІ ва цогидабги баччулаго бихьараб гІакъубаялъул бицана цо кьоялъ больницаялде вачІарав, гІемераб заманалда колхозалъул шоферлъун хІалтІарав ГІумарица.

Игьали участковияб больница рагьана 1958 соналда. ЧІиркъатІа больница букІаниги, дун ана Игьали больницаялде. Дун бох унтун вукІана. Кинал уколал гьаруниги дараби гьекъаниги лъугьунеб дару-сабаб букІинчІо. Дун кІалъана ЧІиркъатІа больницаялде, жаваб щвана дараби гьечІилан. Гьедин букІинчІебани, 77 сонил гІумруялде вахарав, унтуца чІезе толарого вугев дун Игьаливе больницаялде инароан. Хъизанги дунги ана гьенире. Хъизан йиго бидул тІадецуй бахуней гІадан.

Ниж къабул гьаруна бетІерав тохтур ГІумар МухІамадовас. Игьали больницаялда ратана хІажатал дараби.

Суал буго щай дараби ругел Игьали больницаялда, щай гьечІел ЧІиркъатІа ва дица рехсечІеб цоги больницаялда.

Гьарулаан хІажатал уколал, кьолаан гьекъезе дараби. Щибаб къойил токида боркьулаан бох ва хал гьабулаан кІудияв медбрат АхІмад Тажудиновас. АхІмад вугоан, бетІерав тохтур ГІумарго гІадав, жиндирго хІалтІи лъалев чи.

Гьединго хІеренал, унтаразул тІалаб-агъаз гьабулел, рецщалъе мустахІикъал руго къад хІалтІулей медсестра Марям-Асият Ибрагьимова, дежурствоялде рачІунел сестраби ГІайшат Чупалаева, ПатІимат АхІмадова, СагІадат Алхасова, ГІайшат Мансурова, Аминат Чупалаева, физкабинеталъул сестра ГІайшат Ибрагьимова.

Палатабахъ лъикІаб рацІаракъалъи чІезабун букІуна санитаркаби Зарипат Юсуповалъ, ПатІимат СайгидахІмадовалъ, ПатІимат Асадулаевалъ, Хайдакъай Шарапудиновалъ. ЛъикІаб хинлъи чІезабула АбусагІид ГІабдулхІамидовас. ТІагІамаб квен гьабулеб бугоан богогьаби ХІалимат Сулаймановалъ, ГІайшат Мансуровалъ.

Дица ракІ-ракІалъулаб баркала загьир гьабула Игьали участкаялъулаб больницаялъул тІолабго коллективалъе. Гьарула гьезие щулияб сахлъи, рохун хутІаги хъизан-лъималаздаса, росу-ракьалдаса.

**Унтаразул рахъалдасан хъвана ЧІиркъатІаса ХІадисил Камилица**

РОСАБИ - РОХЕНАЛ

**Лъанлъари росу**



ГІАКІА АХІУЛЕБ БУГО

**ТІадинхдерил Ихашо магІарда буго бетІергьанчи лъалареб, гІуж гьечІеб бече. Гьеб биларав кІалъазе бегьула 89634142402 номералде ХІайбула ГІабдулгІалимовасухъе.**

ЗИГАРА

**Районалъул информациялъул «Гумбет» гІуцІиялъул хІалтІухъабаз гьваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго МухІамад МухІамадовасда, имгІал КъурбанхІажи Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.**

**Хварасе алжан насиблъаги, нахъе ругезе халатаб гІумруги кьеги.**

БетІерав редактор
ХІамзат МухІамадович ГІизудинов
телефон: 26-254
Газета гІуцІаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтІа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагъиз ХІадисова
Корреспондентал:
ГІайшат Исламбиева,
Хадижат Мазгарова,
Макка МухІамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухІамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес:
МахІачхъала, Петр ТІоцевесесул къватІ, 61

Газета къватІибе бачІунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цІаразда гъоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1001
Газета къватІибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хІакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хІужабазул, цІаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.